# ҲҮЖЖЕТЛИ ФИЛЬМЛЕРДЕ ӘЖИНИЯЗ ТУЛҒАСЫ ЖАРАТЫЛЫЎЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Тажадинова Гулжахан Низаматдиновна**

*Филология илимлериниң философия бойынша (PhD) докторы.*
*«Қарақалпақфильм» киностудиясы көркемлик басшысы.*
*Нөкис, Қарақалпақстан (Өзбекстан)*

**Аннотация:** Мақалада «Қарақалпақфильм» киностудиясында сүўретке алынған портретлик фильмлер қатарында уллы классик шайырымыз Әжинияз Қосыбай улының өмири ҳәм дөретиўшилигине бағышланған ҳүжжетли фильмлердиң өзине тән өзгешелиги сөз етиледи.

Фильмлерде дөретиўши тулғаның келбетин жаратыўда көбирек қайсы усыллардан пайдаланылады деген мәселелерге итибар қаратылған.

**Ключ сөзлер:** ҳүжжетли фильм, кинопублицист, сценарий, шеберлик, кино, хроника, публицистика.

## ҲУЖЖАТЛИ ФИЛМЛАРДА АЖИНИЁЗ СИМОСИНИ ЯРАТИШ МАСАЛАЛАРИ

**Аннотация:** Мақолада «Қорақалпоқфильм» киностудиясида тасвирга олинган портрет фильмлар қаторида мумтоз шоиримиз Ажиниёз Қўсибой уғли ҳаёти ва ижодига бағишланган ҳужжатли филмларнинг ўзига хослиги сўз этилади.

Филмларда улуғ симонинг қиёфасини яратишда қанақа усуллардан фойдаланилганлиги ҳақидаги масалаларига эътибор берилган.

**Калит сўзлар:** ҳужжатли фильм, кинопублицист, сценарий, маҳорат, кино, хроника, публицистика.

## ПРОБЛЕМЫ СОЗДАНИЯ ОБРАЗА АЖИНИЯЗА В ДОКУМЕНТАЛЬНОМ КИНО

**Аннотация:** В статье отмечается уникальность среди портретных фильмов, снятых на киностудии «Каракалпакфильм», документальных фильмов, посвященных жизни и творчеству нашего поэта-классика Ажинияза Кусибоя.

Уделяется внимание вопросу, какие методы используются для создания образа великого деятеля в кино.

**Ключевые слова:** документальный фильм, кинопублицист, сценарий, навык, кино, хроника, публицистика.

## PROBLEMS OF CREATING THE IMAGE OF AJINIYAZ IN DOCUMENTARY FILMS

**Annotation:** The article notes the uniqueness among the portrait films shot at the Karakalpakfilm film studio, documentaries dedicated to the life and work of our classical poet Ajiniyaz Kusiboy.

**Key words:** documentary film, film publicist, script, skill, cinema, chronicle, journalism.

Қарақалпақстанлы ҳүжжетли фильм дөретиўшилери миллий ҳәм кең аудиторияға тәсир өткизиўдиң жаңа усылларын жаратып келмекте. Бул үзликсиз ҳәм тәбийий дөретиўшилик процесс болып, оны портретлик фильмлер мысалында көриўимиз мүмкин.

Қарақалпақ ҳүжжетли фильмлери мысалында дөретиўши тулғалар ҳаққында сөз етилгенде Әжинияз, Бердақ, Төлепберген Қайыпбергенов, Ибрайым Юсупов, Қасым Әўезов ҳәм басқа да жазыўшы-шайырлардың бийбаҳа ғәзийнелерин фильмде сәўлелендириўде тарийхый хроника менен ҳәзирги заман көринислери қатар жүреди.

Ҳүжжетли фильмниң ең әҳмийетли өзгешелиги сонда, ол толық видео қатар түринде тарийх ҳәм ҳәзирги заманды қатар қойыў мүмкиншилигин береди. Мысалы, Әжинияз шайыр ҳаққында алынған ҳүжжетли фильмлерде усы өзгешелик көзге тасланады. Шайыр жасап дөретиўшилик еткен дәўир менен ҳәзирги заманды қатар қояды, яғный шайырдың даўам етип атырған өмирин сәўлелендирип береди. Фильмдеги интервьюлер арқалы шайыр дөретиўшилиги бойынша мағлыўматлар бериледи.

«Ҳүжжетли фильм дөретиўшилери ҳәр қандай жағдайда басқа адамлардың пикирлерин алдыннан айтып бериўи ямаса өзине сәйкеслендириўи, яғный өз қаҳарманын алдамаслығы, жасырын ҳақыйқатты ашып бериўи ҳәм адамлар ортасындағы ҳәр қандай мүнәсибетлерди дүзетип болмайтуғын дәрежеде бузбаўы керек. Егер адам (қаҳарман ҳәм тамашагөй) бир нәрсеге исенбесе, ол ҳәмме нәрсени сорай баслайды. Қаҳарманлар ҳәм режиссёрларға болған исенимди жоғалтыў болса қызықлы фильм жаратыў процесинде жүз бериўи мүмкин болған ең жаман нәрсе» [2, 60].

Ҳәр қандай ўақыя яки қубылыстың ҳүжжетли киноға алыныўы ўақыт өтиўи менен тарийх болып есапланады. Ҳүжжетли киноның әҳмийети сонда болып атырған жағдайлар менен халықты таныстырыўда, соған үгит-нәсият етиўде, мағлыўмат бериўде шешиўши орында турады. Бул пикиримизди Ўатанды, халықты улығлаў, туўған жерине садықлық ҳәм усы сыяқлы мотивлер тийкарында сүўретке алынған уллы дөретиўши инсанлар ҳаққындағы фильмлер ҳүжжет-

ли хроника ўазыйпасын өтеп келеди. Ҳүжжетли киноның прогрессив раўажланыўы, оның түрлери, жанры, үгит-нәсият, мәдений, ағартыўшылық жумысларын әмелге асырыўда әҳмийети үлкен. Басқа ҳеш бир тараў кино сыяқлы үгит-нәсият алып бара алмайды, солай екен кино күшли көргизбели тәсир жасайды. Қарақалпақ киношылары тәрепинен сүўретке алынған «Зийўар» атамасындағы еки бөлимли ҳүжжетли фильминде шайырдың өмири көркем образларда сәўлелендириледи. Ҳүжжетли фильмниң тийкарғы өзгешеликлеринен есапланған жақтылық, даўыс, ўақыялар, ҳәрекет, рең ҳәм музыкалардың тәсирин бириктириў арқалы тамашагөйлерге ғалабалық даўыс ҳәм визуал тәсир қураллары жәрдеминде тәсир көрсетиўдиң тийкарғы абзаллықларын жетерлише анық ҳәм қысқа түрде сүўретлеп бере алған.

Ҳүжжетли фильмлерде илимий ямаса тәлимге тийисли темалар баянланыўы, журналистлик ямаса жәмийетлик түсиниклер (комментарийлер) берилиўи, фильмниң өзи пропагандалық ямаса субъективлик характерге ийе болыўы мүмкин.

Әжинияз шайыр дөретиўшилигине тийисли ҳүжжетли фильмлер көбинесе илимий бағдарда болып, илимпазлар интервьюлеринде мағлыўмат бериледи ямаса баслаўшы тәрепинен комментарийлер берилип, бул фильмлер пропагандалық характерге ийе екенлигин көремиз.

«Қарақалпақфильм» киностудиясы тәрепинен «Қарақалпақстан» киножурналының 1993-жылғы №1 санында «Саҳра Орфейи» атамасы менен Әжинияз Қосыбай улының дөретиўшилик мийрасына арналған фильм сүўретке алынады. Фильмде ҳүжжетли киноның өзине тән спецификасынан өнимли пайдаланып, усы ўақыт ишинде болып атырған ўақыялар менен халықты таныстырады және үгит-нәсият хызметин орынлайды, жетерлише мағлыўмат бериледи. Фильмде Мойнақ районында уллы сөз шебери Әжинияз шайырға арнап естелик орнатыўдай ийгиликли ислер ҳаққында мағлыўмат берилген. Фильмниң атамасы «Саҳра Орфейи» деп аталыўы да тосынан емес, уллы сөз зергери ҳаққында Ибрайым Юсупов жазған «Әжинияз» («Дала Орфейи» либреттосы) шығармасы атамасы фильм ушын таңлап алынады. Фильм атамасының дурыс қойылыўы да тамашагөй ушын тәсиршеңлик дәрежесин арттырып береди.

Ҳүжетли кино – бул анық, дәл болып атырған жағдайларды съёмкаға алған кино мәденияты есапланады. А.В. Луначарский былай деген еди; «кино ислеп шығарыўдың биринши мақсети – кең көлемли хроника, яғный, образлы публицистика болыўы керек» [3, 166]. Ал, публицистиканың әҳмийетли темасы адам ҳәм оның иси есапланады. Әжинияз шайыр образы қарақалпақ кинодөретиўшилери ушын бас тема болғанлығын көремиз.

«Қарақалпақфильм» киностудиясы тәрепинен 1998-жылы «Зийўар» атамасы менен еки бөлимли ҳүжжетли фильми сүўретке алынған. Фильмниң сценарий авторлары А.Султанов ҳәм Т.Қәлимбетов, фильм режиссёры Т.Қәлимбетов, операторы Л.Ющиков.

«Зийўар» ҳүжжетли фильми Әжинияздың жаслық жыллардағы көриниси менен басланады. Қарақалпақ елиниң кеңисликлери көринисинде фильмниң аты пайда болады.

Фильмде белгили қарақалпақ шайыры, философ, сөз зергери, жаслық жыллары Хийўаның Шерғазыхан медресесинде тәлим алған Әжинияз Қосыбай улының дөретиўшилиги ҳаққында сөз етиледи.

Фильмде Әжинияз шайыр образын белгили актёр Бегимбай Алланиязов шеберлик пенен атқарады. Ҳәр қандай көркем фильмниң жақсы шығыўы ушын алпыс пайыз нәтийже бас қаҳарманның дурыс таңланыўы менен байланыслы десек, бул ҳүжжетли фильм ушын да әҳмийетли. Әжинияз сыяқлы уллы талант ийесиниң образын жаратқан фильм қаҳарманының жүз келбети киноға тән элементлер арқалы сәўлелендирилип берилген. Шайыр қолына услаған пәрин дәўет толы сиясына батырып қосықларын жаза баслайды. Шайырдың ҳәрекетлери, қол, жүзи, көзқараслары бир пүтинликте сәўлелендирилген.

Қарақалпақ кинопублицистлери уллы дөретиўши тулғалар Наўайы, Бердақ, Әжинияз ҳаққындағы фильмлерди сүўретке алғанда көбирек публицистикалық руўхда сүўретлеп бергенлигин көремиз. «Қарақалпақ ҳүжжетли кинофильмлериниң дөретилиўи ҳәм раўажланыўы тарийхына нәзер салар екенбиз, бунда көбирек портретлик-биографиялық фильмлердиң басым екенлигин көриўимизге болады [5, 194-198].

Ҳәр қандай ҳүжжетли кинода уллы дөретиўши инсан өмири ҳаққында сөз еткенде тек дөретиўшилик жоллары емес, соның менен бирге жеке өмири де теңине жартылады.

Фильмде Әжинияз жасап дөретиўшилик еткен дәўирдиң өзине тән қыйыншылықлары да сәўлелендирилип бериледи.

Фильм сюжети барысында келтирилип өтилгениндей Әжинияз оқыўды Хийўада даўам еттиреди. Бул ески қалада ол туркий халықлардың белгили шайырларының бири Маҳтумқулы тәлим алған «Шерғазыхан» медресеси, соңынан «Қутлымурат инақ» медресесинде оқыйды. Медреседе диний илимлерден тысқары Әлишер Наўайы, Ҳафыз, Саъдий, Физулий сыяқлы шығыс классик шайырларының дөретиўшилиги де терең үйретилген. Сонлықтан Әжинияз сөз мүлкиниң ал-

дыңғы мийрасхорларының көркем шеберлик сабақларынан үйренгенлиги ҳаққындағы мағлыўматларды келтирген.

«Қарақалпақфильм» киностудиясында 2014-жылы «Зийўардың шийрин зибаны» атамасы менен еки бөлимнен ибарат ҳүжжетли фильми сүўретке алынған. Фильмниң сценарий авторы А.Султанов, режиссёры Б.Низаматдинов.

«Зийўардың шийрин зибаны» ҳүжжетли фильми сценарий авторының шеберлиги сонда ол дәстүрий жолдан узақласып, керисинше, әпиўайы көринислерден қурамалылық жаратады. Зийўардың шийрин зибанынан төгилген қосық қатарларын фильм сюжети етип алады.

Фильм «Бармекен» қосығы менен басланып, шайырдың туўған жер сағынышлары публицистикалық руўҳта берилген.

Фильмде тарийхый мағлыўматлар тек шайыр қосықлары арқалы бериледи. Фильм арқалы шайыр сөздиң де, адамның да қәдирин бәлент тутқан уллы сөз шебери екенлигин көрсетип береди. Фильмде оргинал композиция ойлап табылған. Шайырдың ҳәр бир қосығын тийкарғы сюжет етип таллап кете береди. Диктор тексти арқалы тарийхый мағлыўматлар берилмейди.

Шайырдың «Гөззаллар» қосығы фильмниң бас қаҳарманы тилинен оқылады ҳәм қарақалпақ қызлары кадрларда көрсетиледи.

Фильмде «Қыз Меңеш пенен айтысы»нда Әжинияз образын хош ҳаўаз қосықшы Дәрибай Хожамбергенов шеберлик пенен атқарады.

Бул фильм шайырдың «Көзлерим» қосығы менен жуўмақланады.

Фильм сценарийи шайырдың дөреткен қосықлары тийкарында жазылып, шайырдың өмир картинасы избе-из тамашагөй көз алдына келеди. Ең баслысы фильмниң сюжет линиясы бир пүтинликте қурылған. Фильм арқалы уллы классик шайырымыздың өмир картинасын көремиз.

Жуўмақ, ҳүжжетли фильмлерде Әжинияз тулғасы жаратылыўы мәселелери ҳаққында сөз етер екенбиз, ҳүжжетли кино алдында турған барлық қурамалы ўазыйпаға жетерлише итбар қаратады.

Қарақалпақ ҳүжжетли киносында Әжинияз шайыр келбетин жаратып бериўде ҳүжжетли фильмлерине тән белгилерге әмел етиледи, яғный, сценарийлердиң дурыс дүзилген концепциясы, идеялық мазмуны, жанлы тарийх бетлер фильмниң сыпатлы исплениўин тәмийинлеп береди.

## ӘДЕБИЯТЛАР

1. Акбаров. Ҳ. – Кино санъати тарихи. Тошкент. 2008.
2. Борисов Сергей технология создания документального фильма. М: Аспект пресс, 2018. 92 б.
3. Луначарский А.В. - Самое важное из всех искусств. М. 1973. 166-бет.
4. Машарипова Т.Ж. Қарақалпақ ҳүжжетли кинофильмлериниң дөретилиўи ҳәм раўажланыўы тарийхына нәзер. Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети хабаршысы. 2009. №3. 194-198-б.